

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta maluruh babandingan dua carita anu miboga kasang tukang anu sarua nya éta putri jeung indung téréna. Objék dina ieu panalungtikan nya éta dongéng anu judulna *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga, jeung dongéng anu judulna *Ashputtel* karya Jacob Grimm. Ari tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tiori struktural Robert Stanton sarta dideudeulan ku tiori sastra bandingan pikeun maluruh sasaruana jeung bébédaan tina dua carita anu miboga kasang tukang carita anu sarua nya éta putri jeung indung téréna. Métodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métodé déskriptif kalayan maké téknik studi pustaka. Ari instrumén panalungtikan anu dipaké ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta mangrupa tabél data struktural jeung tabél data babandingan.

Dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm miboga téma anu sarua nya éta nyaritakeun budak anu kanyeyeriaan ku indung téréna. Tokoh utama dina dongéng *Nyi Sarikingkin* nya éta aya Nyi Sarikingkin jeung Nyi Pangéran indung téré, sabab dua tokoh éta nyumponan tujuh aspék analisis palaku. Sedengkeun tokoh utama dina dongéng *Ashputtel* aya hiji nya éta Ashputtel, sabab tokoh Ashputtel anu nyumponan tujuh aspék analisis palaku. Saleuwihna aya tokoh tambahan dina dongéng *Nyi Sarikingkin* aya lima belas anu mangaruhan kana jalan carita. Sedengkeun dina dongéng *Ashputtel* aya tujuh palaku utama anu mangaruhan kana jalan carita.

Latar sosial anu aya dina dongéng *Nyi Sarikingkin* kabagi jadi dua nya éta adat kabiasaan anu kapaluruh dina tradisi pasamoan deukeut jodo jeung adat kapercayaan anu kapaluruh dina kapercayaan ka Nyi Pohaci anu aya di gunung payung. Sedengkeun dina dongéng *Ashputtel* aya latar kapercayaan anu kapaluruh dina kapercayaan kana kaajaiban tina tangkal jeung bantuan ti manuk. Teras aya latar tempat, dina dongéng

*Nyi Sarikingkin* kapaluruh aya tilu puluh opat tempat anu ngawangun kana jalan carita, sedengkeun dina dongéng *Ashputtel* kapaluruh aya lima belas tempat ngawangun kana carita. Tina latar tempat kapaluruh aya dalapan tempat anu miboga sasaran dina dua carita éta. Teras Latar waktu anu aya dina dongéng *Nyi Sarikingkin* kapaluruh aya salapan belas waktu anu ngawangun jalan carita. Sedengkeun latar waktu anu kapaluruh dina dongéng *Ashputtel* aya tujuh waktu anu ngawangun jalan carita.

Galur dina dongéng *Nyi Sarikingkin* jeung dongéng *Ashputtel* aya sasaran jeung bébédaan. Sasaruana anu aya dina carita nya éta sarua ditinggalkeun ku indungna maot, tuluy bapana nikah deui jeung awéwé anu geus boga dua putra. Indung téré anu aya dina carita *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* miboga sipat anu sarua nya éta nganyenyeri ka budak téréna. Sabab sieun ngaéléhkeun putra pituinna. Hal éta bisa ditinggali tina *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* anu teu diajak ka pasamoan di karajaan. Tapi sagala kanyeri anu dirasakeun *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* ahirna meunang kabagjaan, lantaran bisa nikah jeung Pangeran Anom sarta Putra Raja. Bébédaan anu aya dina dongéng *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* nya éta *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* anu teu diajak ka pasamoan di karajaan. Dina carita *Nyi Sarikingkin* mah teu aya sarat ti indung téré pikeun *Nyi Sarikingkin*. sedengkeun dina carita *Ashputtel*, indung téréna méré sarat pikeun *Ashputtel* lamun hayang diajak ka karajaan tapi kudu ngumpulkeun heula kacang polong anu aya dina lebu.

Ku kituna dina dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB Djajadilaga jeung *Ashputtel* karya Jacob Grimm miboga sasaran jeung bébédaan. Tapi sacara gurat badag dua carita ieu miboga jalan carita anu sarua, mung aya sababaraha anu kapalaruh jadi bébéda tina dua carita ieu nya éta tina tokoh, latar, jeung galur carita. carita anu digambarkeunna. Tapi tiasa dicindekkeun yén carita *Nyi Sarikingkin* jeung *Ashputtel* miboga kasang tukang carita anu sarua nya éta putri anu ka nyényéri ku indung téréna.

## **5.2 Implikasi**

Implikasi tina hasil nganalisis unsur struktural jeung babandingan dongéng *Nyi Sarikingkin* karya TB. Djajadilaga jeung dongéng *Ashputtel* karya Jacob Grimm, nya

éta dipiharep bisa ngaronjatkeun panalungtikan sastra, hususna anu medar sastra bandingan anu dideudeulan ku unsur struktural. Tétéla masih loba hal anu kudu diguar ngaliwatan sastra bandingan anu nyongko kana hal anu aya dina karya sastra. Ku kituna dipiharep ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi hususna anu patali jeung Sastra bandingan.

### **5.3 Rékomendasi**

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nya éta (1) Perluna ngaronjatkeun panalungtikan sastra. Ku kituna dipiharep ieu panalungtikan dimangpaatkeun sangkan bisa jadi hiji tatapakan panalungtikan anu leuwih jembar. (2) Pikeun tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan référénsi pikeun pangajaran sastra, hususna sastra bandingan. (3) Pikeun masarakat umum, dipihareup bisa jadi bahan ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan tiori sastra bandingan.